



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINISYON FAZ 1 PWOJÈ REZILYANS NAN PAK ETA FAIR HAVEN BEACH LA

Pwojè a finanse nan pwogram REDI Gouvènè Cuomo a ki repare domaj nan zòn paking yo ke dlo inondasyon Lak Ontario te lakoz

Faz II a ap genyen ladan I restorasyon din, siyalizasyon ki gen entèpretasyon ak nouwèl wout pwomnad

W ap jwenn foto pwojè ki fini yo disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a, finisyon premye faz yon nouvo pwojè rezilyans nan Pak Eta Fair Haven Beach sou Lak Ontario. Pwojè a, ki sipòte pa Inisyativ Devlopman Ekonomik ak Rezilyans (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) ki dirije pa Gouvènè Cuomo apre inondasyon sou tout Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence, te restore kapasite paking ki te domaje pa nivo dlo ki wo yo ak inondasyon de fwa nan twa ane ki pase yo. Faz II pwojè rezilyans ak amelyorasyon an ap kòmanse nan pa lontan e l ap restore din yo epi konstui yon nouvo wout pwomnad k ap genyen ladan I siyalizasyon edikatif ki gen entèpretasyon.

"Nou te lanse pwogram REDI a pa sèlman pou rekonstui, men pou retounen konstui pi byen epi pi solid apre kominote nan rivaj yo te devaste pa 'Inondasyon santènè' pandan twa ane sou tout Lak Ontario a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sa se yon investisman Eta ki nesesè, k ap ede pwoteje kay ak biznis Nouyokè yo, paske travay nou se repare domaj ki fèt nan tan pase pandan n ap amelyore rezilyans kont inondasyon inevitab ak evènman meteyolojik ekstrèm alavni yo."

Lo reparasyon nan pak West Beach yo te abòde domaj apre inondasyon an 2017 ak 2019 yo. Faz I pwojè 2.5 milyon dola a:

- Monte lo paking nan a anviwon de pye pou rann li pi rezilyan kont dlo ki wo alavni epi founi amelyorasyon pou kreyasyon din ak fòmasyon abita akote a;
- Enstale yon sistèm drenaj amelyore epi repave zòn paking nan;
- Ranplase yon sèvis dlo ki la deja pandan konstriksyon an; epi
- Elaji zòn paking East Beach la, k ap abouti sou yon paking ki agrandi nan pak la, ki se yon destinasyon bò dlo lak ki enpòtan nan Konte Cayuga.

Faz II a ap genyen ladan I yon restorasyon sab din ak yon wout pwomnad. Y ap plante gazon plaj pou kreye din sou tout pwent nò Paking West Beach la. Gazon plaj la ap kaptire sab van an soufle pou konstui epi estabilize din yo. Y ap konstui tou wout pyeton A 275-pye k ap dirije soti nan pwent lès lo paking nan, pase pa din ki restore yo epi I ap fini toupre kay pou benyen yo nan Lwès Plaj la. Y ap enstale siyalizasyon ki entèprete sou tout wout pwomnad la ki eksplike epi edike vizitè yo sou ekoloji rivaj Lak Ontario a. Amelyorasyon yo te sipòte pa 1.2 milyon dola nan fon REDI yo ansanm ak finansman kapital Pak Eta yo.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Investisman Gouvènè Cuomo sa, reflekte angajman solid li pou kominote Lak Ontario yo k ap pwospere nan sektè touris sezon ete a. Mwen rekonesan pou patenarya ak Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services, OGS) ak lidè lokal yo ki te fè destinasyon adore sa sou Lak Ontario vin pi rezilyan pou epizòd dlo wo alavni yo, pandan y ap amelyore abita natirèl pak la".

Komisè Biwo Sèvis Jeneral la, RoAnn Destito te deklare, "Pwojè nan Pak Eta Fair Haven Beach la se yon gwo egzanp de sa pwogram REDI Gouvènè Cuomo a ap akonpli nan tout rejyon an. N ap repara domaj inondasyon pase yo te lakoz yo epi n ap pwoteje tou rivaj kominote Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence kont nivo dlo ki wo alavni yo. Mwen fyè de sa OGS ak Pak eta yo te reyalize nan espas bò dlo ekstraòdinè sa".

Senatè Pam Helming te deklare, "Sa se yon pwojè enpòtan pou avni Konte Cayuga ak tout rejyon nou an. Fair Haven se yon trezò ke nou tout pran plezi ladan I. Plizyè milye vizitè soti toupatou nan eta nou ak peyi nou an chak ane epi ede devlope ekonomi lokal nou an, sipòte ti biznis yo epi konsève travay yo. Pwojè sa se yon investisman nan avni nou e I ap asire siksè pak la pou ane k ap vini yo. Mwen enpasyon pou kontinye travay ak Gouvènè Cuomo ak patnè mwen yo nan chak nivo gouvènman an pou sekirize finansman pou enfrastrikti ki enpòtan k ap fè rejyon nou an pwogrese".

Manm Asanble Brian Manktelow te deklare, "Finisyon premye faz la, amelyorasyon lo paking nan, nouvo sistèm drenaj la ak ranplasman ansyen sèvis dlo a ap fè pak eta a pi fasil pou itilizatè yo sètènman. L ap ede tou pou anpeche pwoblèm alavni yo lè yo leve nivo lo paking yo a de pye, sa ap fè gen mwens chans pou inondasyon. Pwochen faz la, restorasyon sab din nan ak konstriksyon yon nouvo wout pyeton, ap kenbe zòn nan an sante sou plan ekolojik lè I genyen yon efè prevansyon sou ewozyon pi devan. "

Jim Basile, Majistra Vilaj Fair Haven nan, te di, "Vilaj Fair Haven nan kontinye pataje siksè mizajou ki fèt nan Pak Eta Fair Haven nan, anba pwojè REDI yo. Rezidans ak biznis lokal nou yo nan vilaj la rekonèt epi konprann ke relasyon ant Pak Eta a ak Vilaj Fair Haven nan ap travay ansanm paske yon kominote kontribye nan siksè toulede".

Aileen McNabb-Coleman, Prezidan Lejislati Konte Cayuga, te deklare, "Pak Eta Fair Haven Beach enpòtan anpil pou plizyè jenerasyon rezidan Konte Cayuga ki te pran plezi nan bèl espas sa. Gras ak Gouvènè Cuomo, travay REDI konplete a ak travay k ap vini toujou yo ap pwoteje pak sa pou ane k ap vini yo".

Steve Lynch, Direktè Planifikasyon ak Devlopman Ekonomik Konte Cayuga, te deklare, "Enpak dirab Pak Eta Fair Haven nan sou kalite lavi pou rezidan eta yo, asosye ak kontribisyon enpòtan li nan ekonomi touris lokal ak rejyonal la pa gen parèy. Amelyorasyon nan pak yo te anonse jodi a atravè Inisyativ Devlopman Ekonomik ak Rezilyans Lak Ontario Gouvènè Cuomo a, ap sekirize aksè nan espas bò lak la ak memwa sezon ete pou jenerasyon k ap vini yo".

Nan repons a chema inondasyon pwolonje sou tout rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Gouvènè Cuomo te kreye Inisyativ Devlopman Ekonomik ak Rezilyans (Resiliency & Economic Development Initiative, REDI) pou ogmante rezilyans kominote rivaj yo epi ensite devlopman ekonomik nan rejyon an.

Yo te etabli senk rejyon REDI yo, ki gen uit konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priorite lokal yo, enfrastrikti a risk ak lòt resous yo, ak enkyetid sekirite piblik yo genyen.

Komisyon REDI a te atribye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezistans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ke chak nan uit konte nan rejyon REDI yo ap benefisye. Yo te atribye balans 235 milyon dola ki rete a, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè vanse epi montre egzanp misyon REDI a.

Pak Eta Fair Haven nan prezante youn nan pi bèl bò lak piblik nan rejyon nò eta New York, ak falèz kotyè enpòzan, plaj sab, ak rejyon bwaze nan vwazinaj la. Pak la genyen 1,500 pye plaj sab ki genyen ladan l 600 pye zòn pou benyen siveye. Zòn kanping ak kabin ki sitiye nan rejyon bwaze ki valone pak la.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreatif ak lansman bato, ke yon kantite rekò 77 milyon moun te vizite an 2019. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite parks.ny.gov, konekte sou [Facebook](https://www.facebook.com/nysparks), oswa swiv nou sou [Twitter](https://twitter.com/nysparks). Aplikasyon mobil Parks Explorer Eta New York la disponib pou aparèy iOS ak Android yo. Pou telechaje, vizite: [Google Play Store](https://play.google.com/store/apps/details?id=com.nysparksexplorer), [NY State Parks Explorer App](https://apps.apple.com/us/app/nysparks-explorer/id1461111111) oswa [Apple Store](https://www.apple.com/app-store), [NY State Parks Explorer App](https://www.apple.com/app-store).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)